



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 21 PWOPRIYETE KE YO NOMINE POU RANTRE NAN REJIS LYE ISTORIK NASYONAL AK ETA

New York Ap Kontinye Mennen nan Rekonèt Istwa Divès

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 21 pwopriyete, resous ak distri nan Rejis Lye Istorik Nasyonal ak Eta yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon yo, ki reflekte divèsite flagran istwa New York lan, gen ladan yo Simityè Mount Hope ki nan Finger Lakes kote toulède pyone dwa imen yo Frederick Douglass ak Susan B. Anthony yo antere, kat lokal konsiderab nan istwa Afrikanò-Amerikèn lan, ak yon teyat Off-Off-Broadway ki nan Vil New York ki enpòtan nan istwa LGBT.

“Empire State ap selebre fyèman kilti divès li ak eritaj rich li, epi ak ajou espas konsiderab sa yo nan Rejis Kote Istorik yo, nou pral kontinye onore tout gwo bagay ki fè New York, New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mete dokiman sa yo nan lis sa pral onore kontribisyon ki te fèt pa anpil moun New York pandan gwo istwa nou, epi ede fè vanse efò pou prezève epi amelyore espas istorik enpòtan sa yo pou jenerasyon fiti yo.”

Lis Rejis Nasyonal ak Eta a kapab ede mèt pwopriyete yo modènize bilding yo, sa ka fè yo vin elijib pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou pou reponn a sibvansyon eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo. Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye itilizasyon kredi enpo reyabilitasyon yo pa eta a an 2013, pwogram eta ak federal la te ankouraje investisman 3 milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo.

“Lis Rejis Nasyonal ak Eta a se yon etap enpòtan nan apresyasyon valè istwa nou”, **Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare.** “Prezèvasyon istorik se yon zouti ki ekselan pou kreye travay, pwomouvwa touris, elaji lojman epi ankouraje investisman prive, tout sa pandan y’ap prezève resous natirèl yo.”

Rejis Nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta a ki enimere nan rejis nasyonal plas

istorik la endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo.

Yon fwa ofisye prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, yo ap antre pwopriyete sa yo nan lis Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apresya yo te nomine yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote yo te revize yo, epi yon fwa yo apwouve yo, yo ap rantre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Rejyon Kapital

- **St. Casimir's Roman Catholic Complex, Albany:** Konstwiksyon legliz ak presbitè a te kòmanse an 1896 pou reponn a nesosite espirityèl, akademik ak sosyal kominote imigran Polonè-Amerikèn lan ki nan Albany. Yo te konstwi yon lekòl ki gen kat etaj an 1904-05, epi yo te ajoute yon kouvan an 1923.
- **Saugerties and New York Steamboat Company Warehouses, Saugerties:** Konstwi ant 1875-80 pa konpayi Saugerties and New York Transportation Company, antrepo yo te bay sèvis estokaj kagezon pou endistri bato a vapè vilaj lan, kote aksè a Rivyè Hudson lan, menm jan ak pwoksimite li ak rejyon Catskill lan, te pèmèt vilaj lan pwospere antan ke yon pò ki okipe pou kagezon ki transpòte sou dlo yo, vwayajè biznis yo, ak pasaje ki an vakans yo ki gen lyen ak Catskills.

New York Santral

- **The North Salina Street Historic District, Syracuse** (ekspansyon limit yo): Inisyalman antre nan lis Rejis Nasyonal la an 1985, distrik lan ap elaji de plis pase kenz blòk batiman konplè ak pasyèl ki similè nan enpòtan istorik ak karaktè achitektirèl.
- **Oswego & Syracuse Railroad Freight House, Oswego:** Estrikti an kalkè 1848 lan se pi premye batiman wout ray ki te konstwi nan Oswego epi se yonn pami sèl kèk grenn batiman ray Eta New York yo ki gen menm laj lan.

Finger Lakes

- **Fairport Public Library, Fairport:** Konstwi an 1938 gras a fon ke Lig Patriyotik Perinton (Perinton Patriotic League) ak pwogram WPA federal nan epòk Depresyon an yo te bay, bibliyotèk lan te apoje yon batay long pou kapab etabli yon bibliyotèk piblik gratis pèmanan ki te kòmanse ak yon koleksyon liv nan yon tavèn lokal. Li gen ladan tou yon egzant enpòtan de yon miray WPA.
- **The G.W. Todd-Wilmot Castle Company Building, Rochester:** Konstwi an 1909, batiman an asosye ak de biznis konsiderab ki nan istwa komèsyal Rochester: Konpayi G.W. Todd Company, ki te envante yon machin ki gen patant pou pwoteje chèk yo kont falsifikasyon; ak konpayi

Wilmot Castle Company, ki te pwodwi ekipman estirilizasyon medikal sou plas soti 1918 pou rive 1955.

- **Mount Hope Cemetery, Rochester:** Etabli pa vil lan an 1838, simityè a gen ladan tonbo divès moun ki te fòme vil lan, gen pami yo divès ki gen enpòtans transandant: defansè dwa fanm yo Susan B. Anthony; abolisyonis Frederick Douglass; mizisyen/edikatè William Warfield; konsepsyonè peyizaj Fletcher Steele; antwopològ Lewis Henry Morgan; Lillian Ward, aktivis sosyal ak fondatris enfimyè sante piblik; ak Seth Green, ke yo souvan refere a li kòm “Papa Kilti Lapèch nan peyi Etazini (Father of Fish Culture in the United States)”.

Long Island

- **Bethel Christian Avenue Historic District, Setauket:** Vwazinaj rezidans yo, sal konferans sosyal ak simityè a alantou legliz Bethel A.M.E. Church lan yo anglobe istwa moun orijin Ameriken Natif Natal ak Afriken Ameriken ki melanje soti depi nan kòmansman 19èm syèk lan pou rive nan epòk aktyèl lan.
- **The Ellis Squires Jr. House, Hampton Bays:** Pi ansyen sivivan abitasyon nan komin lan li nomine poutèt premye pwopriyetè ak konstwiktè li an, Ellis Squires Jr. (1761-1854) ak madanm li an, Jerusha Rogers Squires (1766-1837), ki pwobableman te konstwi kay lan an 1790, ki ap pran swen yon fanmi ki gen sèt pitit epi etabli yon rezo desandan ak yon kominote ke yo te vin konnen sou non “Squiretown” nan 19èm syèk lan.
- **The William Farnum Boathouse, Sag Harbor:** Anga bato 1915 lan se sèl batiman ki entak ki asosye fòtman ak William Farnum (1876-1953), yon moun remakab nan kòmansman 20èm syèk lan ki te kòmanse pèfòme sou estaj depi laj 10 an, ki te vin tounen yon selebrite fim pou moun ki bèbè, epi reyisi fè tranzisyon nan fim ak son yo.
- **Old Bethel Cemetery, Brookhaven:** Simityè a te fonde an 1848 pa yon kominote Afrikèn ak Ameriken Natif Natal nan Setauket ki t’ap chèche etabli pwòp entitisyon li antan ke yon manimasyon gradyèl nan New York pandan kòmansman 19èm syèk lan ki te pèmèt Afriken ak Ameriken Natif Natal yo gen plis libète pou bay lwanj epi antere mò yo jan yo swete.

Vil New York

- **Caffe Cino, Manhattan:** Batiman 1877 lan te loje Caffe Cino soti Desanm 1958 pou rive Mas 1968, lè li te premye espas reyinyon ki gen enpòtans pou teyat Off-Off-Broadway lan ki toujou ap mete an sèn, epi li te enpòtan anpil nan devlopman teyat moun ki omoseksyèl yo epi sipòte dwa pèfòmans moun ki omoseksyèl yo nan yon epòk kote li te ilegal pou reprezante omoseksyalite sou sèn.
- **The Harlem African Burial Ground, Manhattan:** Kòmanse nan mitan 1660 yo epi kontinye jiska dènye detansyon ke yo konnen an 1856, simityè izole sa te premye epi sèl simityè Afriken ki nan Harlem epi se sèl simityè ke yo konnen nan modèl sa nan Upper Manhattan. Espas akeyolojik ki mezire 0.17 ekta ki bò Rivyè Harlem lan gen potansyèl

konsiderab pou kapab enfòmè konpreyansyon nou sou lavi ak lanmò Afriken ki lib ak sa ki te esklav yo.

- **The Holy Cross African Orthodox Church Pro-Cathedral, Manhattan:** Yo te achte epi reyelabore batiman West 129th Street lan an 1931 pou bay sèvis a Legliz Òtodoks Afrikèn (African Orthodox Church) ki t'ap devlope a, yon denominasyon ki te etabli 10 ane anvan sa an repons a patènalis ak diskriminasyon nan Legliz Episkopal Pwotestan an (Protestant Episcopal Church).
- **The Spear & Company Factory, Queens:** Faktori 1906 lan li asosye ak de konpayi manifakti ki enpòtan nan Queens: Konpayi Regal Spear Company, ki te espesyalize nan chapo ak kaskèt pou gason ak timoun yo, ak konpayi Columbia Wax Products Company, ki te pwodwi bouji nouvote yo.
- **The Lefferts Manor Historic District, Brooklyn** (ekspansyon limit yo): Distrik lan te inisyalman antre nan lis nan Rejis Nasyonal la an 1992, epi nouvèl nominasyon an ajoute 19 pwopriyete ki te konstwi tou sou tèren ki te fè pati tèren Fanmi Lefferts - ki te devlope pou vin tounen yon vwazinaj rezidansyèl iben pou rezidans yon sèl fanmi yo nan fen 19èm syèk ak kòmansman 20èm syèk lan.

North Country

- **The Talcottville Cemetery, Leyden:** Yonn nan premye simityè nan konte a ak dezyèm pi ansyen ki nan komin Leyden, antèman li yo date depi nan kòmansman 1812 epi li gen espas tonbo premye manm ak manm enpòtan kominote an yo.

Rejyon Lwès New York

- **Temple Beth Zion, Buffalo:** Konstwi ant 1964 ak 1967, batiman Neyo-Ekspresyonis lan konsiste an yon sinagòg eskiltirèl an fòm oval, yon batiman eskolè relijye rektilin ki long, ak yon chapèl kominote sè rektangilè, ak yon oditoryòm ki espasye. Li se yonn pami twa sinagòg ki te konsevwa pa achitèk Modèn remakab ki se Max Abramovitz (1908-2004) pandan karyè long li an. Li enpòtan tou pou vit kolore li yo ki te konsevwa epi renouvle pa atis Ben Shahn.
- **Ziegele-Phoenix Refrigeration House & Office, Buffalo:** Batiman 1888 lan se dènye konpozan ki siviv nan konpayi Ziegele (apre sa Phoenix) Brewing Company ki t'ap elaji nan yon epòk, yonn pami konpayi brasri Buffalo ki pi enpòtan yo. Batiman an remakab pou ilistrasyon modèl achitekti Alman *Rundbogenstil* li an.
- **Shea's Seneca Building, Buffalo:** Batiman 1929 lan se on egzanp rar de yon devlopman teyat kominotè, ki gen ladan yon pi gwo batiman komèsyal ki te ankre pa yon teyat fim. Shea's Seneca Building te konstwi pa Michael Shea, yon leman teyat lokal ki te mete sou pye sis palè fim nan Rejyon Lwès New York nan kòmansman 20èm syèk lan.
- **The Kreiner Malt House and Grain Elevator, Buffalo:** Egzanp entak yon etablisman malt lan li konpoze prensipalman de batiman ki te konstwi epi opere ant 1925 ak 1936 pa konpayi malt Kreiner & Sons, yon konpayi

ki enpòtan sou plan lokal ki te bay malt bay brasri lokal yo pandan pi fò
20èm syèk lan.

###

W'ap jwenn lèt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418